



## Feyè Enfòmasyon: Sa ou Bezwèn Konnen Konsènan Nouvo Règ sou Responsablite Biblik la ak Asirans Sante

Mizajou 1/31/20

### 1. Kilè nouvo Règ sou Responsablite Biblik la ap vin anplas?

Depatman Sekirite Nasional te anonse nouvo Règ sou Responsablite Biblik la pral gen pou wè ak avantaj moun resevwa 24 fevriye 2020 oswa apre sa.

### 2. Si mwen enskri nan asirans sante ki gratis oswa bon mache, èske sa pral fè mwen yon moun ki sou Responsablite Biblik la?

Pifò asirans sante pa yon faktè nan nouvo tès Responsablite Biblik la. Se sèlman Medicaid ki jwenn finansman gouvènman federal ki ladan, epi menm pou pwogram sa a gen plizyè gwooup moun ki pa konte dapre règ la, tankou fanm ansent ak timoun ki poko gen 21 lane. Anplis, moun ki jwenn azil, refijye, ak moun ki gen viza ki se viktim trafik ak lòt krim, pamì lòt, ap jwenn egzanpsyón nan Règ sou Responsablite Biblik la nèt.

Pwogram sa yo pa fè pati Règ Responsablite Biblik la:

- Essential Plan - nan nenpòt nivo - menm si prim lan gratis
- Child Health Plus nan nenpòt nivo - menm si prim lan gratis
- Qualified Health Plan nan nenpòt nivo - menm si prim lan gratis

### 3. Si mwen enskri nan Medicaid, èske sa pral fè mwen yon moun ki sou responsablite biblik la?

Li enpòtan pou ou konprann pwoteksyon asirans Medicaid pou **pifò** imigran **pa** konte nan nouvo tès Responsablite Biblik la. Se sèlman Medicaid ki jwenn finansman gouvènman federal la, epi anpil kategori gen egzanpsyón dapre règ yo.

Menm si yo enskri nan Medicaid ki jwenn finansman gouvènman federal la, sa pa pral afekte gwooup imigran sa yo: fanm ansent, timoun ki poko gen 21 lane ak moun ki nan kategori imigrasyon tankou moun ki mande azil, refijye ak moun ki viktim vyalans. Moun ki gen grinkat kounye a epi k ap resevwa Medicaid pral sèlman gen yon detèminasyon responsablite biblik si yo kite peyi a swa (a) pou plis pase 6 mwa oswa (b) si yo te resevwa sèten tip kondanasyon penal, ak apresa yo vle touen Ozetazini yo.

Nan New York, pifò imigran enskri nan Essential Plan epi tès Responsablite Biblik la pa afekte yo. Pami detwa grenn imigran ki gen Medicaid yo, pifò nan yo enskri nan Medicaid kote se Eta a ki finanse li nèt, epi gouvènman federal la pa finanse li. Yo p ap konsidere pwoteksyon sa a kòm yon faktè pou nouvo règ la tou. Si ou pa fin sèten ki kalite pwoteksyon asirans ou genyen, rele liy èd NY State of Health lan nan 1-855-355-5777.



4. **Ptit mwen yo gen Medicaid, èske sa pral fè yo konsidere mwen tankou yon moun ki sou responsablitè piblik la?**

Non. Si ou gen timoun oswa lòt manm fanmi ki enskri nan Medicaid, yo pa konsidere sa kòm yon faktè pou yon tès responsablitè piblik.

5. **Mwen gen Medicaid pou Ijans. Èske yo konsidere mwen tankou yon moun ki sou responsablitè piblik la si mwen itilize pwoteksyon mwen?**

Non. Medicaid pou Ijans pa konte kòm yon avantaj anba nouvo Règ Responsablitè Piblik la.

6. **Lè règ responsablitè piblik la vin anplas, èske li pral retwo-aktif?**

Non. Depatman Sekirite Nasyonal (Homeland Security) te anonse nouvo Règ Responsablitè Piblik la pral aplikab sèlman pou avantaj ou resevwa 24 fevriye 2020 oswa apre sa.

*Si ou gen sousi paske ou pa konnen si règ Responsablitè Piblik la gen rapò ak ou oswa fanmi ou presizeman, pale ak yon moun ki ekspè nan imigrasyon.*

*Pou èd imigrasyon konfidansyèl, gratis oswa bon mache, rele:*

- *Office for New Americans (Biwo pou Nouvo Ameriken) nan 1-800-566-7636 - sèvis gratis oswa bon mache, bon kalite sèvis rezantasyon jiridik/konsèy.*
- *Legal Aid Society (Sosyete Èd Jiridik) nan 1-844-955-3425 (rezidan Vil New York sèlman).*